# ИНТЕРНЕТ ТАРМАҒЫНДА ПУҚАРАЛАРДЫҢ ҲУҚЫҚЛАР СЫРЛЫЛЫҒЫ ҲӘМ КИБЕРҚӘУИПСИЗЛИК

**Абдреймов Юсупбай Турдыбаевич**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети «Пуқаралық хәм бизнес хуқықы» кафедрасы доцент w.w.a., yu.i.f.d. (PhD) ORCID: https://orcid.org/0000-0003-2255-9094*
**Алауаддинова Альбина Айбек қызы**
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети Юридика факультети 2 курс студенти*

**Аннотация:** *Мақала интернетте пуқаралардың ҳуқықлары, жеке мағлыўматлардың қәўипсизлиги ҳәм киберқәўипсизлик мәселелерине бағышланған. Өзбекстан Республикасы нызамшылығы ҳәм халықаралық әмелиятлар тийкарында мағлыўматлар қәўипсизлиги, киберқәўип-қәтерлерге қарсы гүресиў көрип шығылады.*

**Килт сөзлер:** *Ҳуқықлар сырлылығы, киберқәўипсизлик, жеке мағлыўматлар, киберҳүжимлер, антивирус программалары, Өзбекстан нызамшылығы, социаллық тармақлар, мағлыўматлар урлығы, кибержынаятлар.*

Бүгинги күнде интернет турмысымыздың ажыралмас бөлегине айланды. Бирақ, интернет имканиятлары менен бирге пуқаралардың жеке мағлыўматларының қәўипсизлиги ҳәм киберқәўипсизликке байланыслы қәўип-қәтерлер де артып бармақта. Өзбекстанда интернет пайдаланыўшылары саны тез пәтлер менен өспекте. 2023-жылғы мағлыўматларға бола, халықтың 70% тен асламы интернеттен пайдаланбақта. Бул жағдай пуқаралардың онлайн ҳуқықларын қорғаў ҳәм мағлыўматлардың қәўипсизлигин тәмийинлеўди әҳмийетли мәселеге айландырады. Бул мақала интернет тармағында пуқаралардың ҳуқықлары, жеке мағлыўматлардың қәўипсизлиги ҳәм киберқәўипсизликти тәмийинлеў жолларын көрип шығады.

Мемлекетимизде соңғы жылларда сөз еркинлигине улкен итибар берилип атыр. Ҳәр бир пуқараның сөз еркинлиги тийкарғы нызамымыз Конституциямызда да белгилеп қойылған. Конституцияның 33 – статьясында «Ҳәр ким пикирлеў, сөз ҳәм исеним еркинлиги ҳуқықына ийе. Ҳәр ким ҳәр қандай мәлимлемени излеу, алыў ҳәм тарқатў ҳуқықына ийе[1]» деп көрсетилген. Ҳәр бир шахс өз пикирин еркин билдириў, мәлимлемени еркин алыў ҳәм тарқатыў ҳуқықына ийе. Бул ҳуқықларды әмелге асырыўда нызам менен белгиленген шеклеўлерге бойсыныўы керек, мәселен, мәмлекет қәўипсизлиги, жәмийетлик тәртип, әдеп-икрамлылық ҳәм басқалардың ҳуқықларын қорғаў. Бул статья демократик жамийетте сөз еркинлигиниң зәрурлигин сыпатлайды, бирақ нызам шеңберинде жуўапкершиликти да ескертеди. Себеби сөз еркинлиги басқа бир

[1] http://lex.uz//docs/6445145 Ўзбекистон Республикаси Конституцияси

шахстың нызам менен қорғалатуғын ҳуқық ҳәм мәплерин шеклеўи ямаса бузыўы мүмкин емес. Бугинги кунде интернет басқа ғалаба хабар қуралларына қарағанда тез пәт пенен рауажланбақта. Интернет тармағындағы мағлуматлар унамлы яки унамсыз болсын, ол тез тарқалады ҳәм жәмийетте қызғын додаланады. Пуқаралардың жеке мағлуматлары интернет тармағында тарқалыўы ақыбетинде олардың абыройына, қадир – қымбатына, исшеңлик абыройына зыян келиўи мумкин. Усындай унамсыз хадиселердиң алдын алыў ушын елимизде мағлыўматлар тараўын тәртипке салып тўратуғын норматив ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл етилген. Сол тийкарында, Өзбекстан Республикасының "Мәлимлемелестириў ҳаққында"ғы нызамының 12[1]-статьясында ҳәмме еркин пайдаланыўы мүмкин болған мәлимлемени Интернет жәҳән мәлимлеме тармағында тарқатыў тәртиби белгилеп өтилген, усы статьяда тарқатылыўы мүмкин болмаған мәлимлемелер дизими де келтирип өтилген[2]. Мәселен, Өзбекстан Республикасының әмелдеги конституциялық дүзимин, аймақлық пүтинлигин зорлық пенен өзгертиўге шақырыў, жәмийетлик тәртипке ямаса қәўипсизлигине қәўип туўдырыўшы жалған мәлимлеме тарқатыў, урыс, зорлық ҳәм терроризмди, сондай-ақ, диний экстремизм, сепаратизм ҳәм фундаментализм идеяларын үгит-нәсиятлаў, мәмлекетлик сырларды ямаса нызам менен қорғалатуғын басқа да сырды қурайтуғын мағлыўматларды жәриялаў, миллий, расалық, этникалық ямаса диний қарама-қарсылықты қозғатыўшы, сондай-ақ, пуқаралардың абырайы ҳәм қәдир-қымбатына ямаса исшеңлик абырайына зыян жеткериўши, олардың жеке турмысына араласыўға жол қойыўшы мәлимлемени тарқатыў, жәмийетке, мәмлекетке, мәмлекеттиң белгилерине ҳүрметсизлик көрсететўғын, соның ишинде, әдепсизлик пенен көрсетилген мәлимлемени тарқатыў, нәшебентлик қуралларын, психотроп затларды ҳәм прекурсорларды үгит-нәсиятлаў, порнографияны, зорлықты ҳәм мийримсизликти үгит-нәсиятлаў, сондай-ақ, өз жанына қастыянлық етиўге шақырыў ҳәм басқалар көрсетилген. Бундай мағлыўмаиларды тарқатқанлық ушын ҳәкимшилик ҳәм жынайый жуўапкершиликте бар. Миллий нызамшылық пенен тәртипке салынған, кибермәкандағы қатнасықлардың қәўипсизлиги, сондай-ақ, әмелдеги Өзбекстан Республикасының жынаят ҳәм ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери менен де тәмийинленеди. Бул нызамларда мәлимлеме технологиялары тараўында исленген ҳуқықбузарлықлар ушын жуўапкершиликти ҳәм анық жазаларды нәзерде тутатуғын айрықша статьялар келтирилген. Соның ишинде, Өзбекстан Республикасы Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексиниң статьяларында нәзерде тутылған, мәлимлеме-коммуникация технологиялары тараўындағы қатнасықларға қәўип туўдырып атырған ҳуқықбузарлықлардың көпшилиги, мәлимлеме тармағынан нызамсыз пайдаланыў, мәлимлеме тармағынан пайдаланыў қағыйдалары ҳәм стандартларын бузыў жәнe усы тармақтан пайдаланған ҳалда қадаған етилген

[2] Ўзбекистон Республикасининг қонуни «Ахборотлаштириш тўғрисида» https://www.lex.uz/acts/83472

мәлимлемелерди тарқатыў менен байланыслы. Кибермәканда жүз беретуғын ҳуқықбузарлықлардың ең қәўиплиси, бул мәлимлеме технологиялары тараўындағы жынаятлар болып есапланады. Бул жынаятлардың қәўиплилиги, олардың ислениўи нәтийжесинде бул қатнасықларға үлкен зыян жеткериўинде. Усы тараўда алып барылған излениўлер, кибержынаятлар тийкарынан пуқаралардың исенимине кирип, банк пластик есап бетлериндеги қаржыларды, халықаралық пул өткермелери арқалы өзгелердиң қаржыларын, халықаралық электрон ҳәмиянлар ҳәм криптовалюта қаржыларын, төлем агенти болған юридикалық шахслар ямаса жеке тәртиптеги исбилерменлердиң есап бетлериндеги пул қаржыларын өзлестириў, интернет тармағы жәрдеминде нызамсыз түрде иеленген пуқаралардың жеке мағлыўматларын жәриялаў менен қорқытып алдаўшылық, қәўипсизлик системасы жетерли болмаған коммерциялық банклерде бар серверлер ҳәм байланыс каналларынан пайдаланып, олардағы пул қаржыларын жасырын түрде талан-тараж етиў усылларында әмелге асырылып атырғанынан дерек береди. Бул қылмысларды ислеў өзгешелигинен келип шығып, Өзбекстан Республикасы жынаят нызамшылығының айырым статьяларына, усы тараўда ислениўи мүмкин болған жынаятлар ушын жуўапкершиликти нәзерде тутыўшы қосымшалар киргизилди ҳәм нызам $278^1$-$278^7$-статьяларды қамтып алған "$XX^1$ бап Мәлимлеме технологиялары тараўындағы жынаятлар" жаңа бап пенен толықтырылды[3]. Киберқәуипсизлик ҳаққындағы нызамлардың тийкарғы мақсети мәлимлеме системалары, тармақлар ҳәм мағлўматларды киберқәуиплерден, яғный хакерлик ҳўжимлер, мағлўматларды ўрлау, зыянлы программалар ҳәм басқа да киберқәуиплерден қорғаў болып табылады.

Кибержынаят - компьютер ҳәм тармақтың биргеликтеги байланысы астында исленетуғын жынаят түри. Компьютер жынаят уақтында мақсетли бағдарланған қурал уазыйпасын атқарып береди. Кибержынаят кимниңдур қәуипсизлиги ҳәм финанслық дәрежесине зиян жеткериў мақсетинде исленеди. Сырлы мағлыўматлар нызамлы түрде қорғалған жағдайда жүз беретуғын кибержынаятлар менен байланыслы көплеген жынаятлар бар. Халықаралық көлемде ҳәкимият та, мәмлекетлик емес субъектлер де кибержынаятлар, соның ишинде, жансызлық, финанслық урлық ҳәм басқа да трансшегаралық жынаятлар менен шуғылланады. Халықаралық шегараларды кесип өтиўши ҳәм кеминде бир миллий мәмлекеттиң ис-ҳәрекетлерин өз ишине алыўшы кибержынаятлар гейде киберурыс деп аталады. Уоррен Баффет кибержынаятшылықты "инсаniяттың биринши санлы машқаласы" деп тәрийплейди ҳәм "инсаният ушын реал қәўип тудырады", деп қосымша етеди[4]. Компьютер жынаяты ҳаққындағы түсиник дәслеп өткен әсирдиң 60-жылларында дәслеп америкалы, кейин басқа да жәҳән басылымларында пайда болды. 1983-жылы Париж қаласында ОЕСД (Халықаралық

[3] Kiber huquq – huquq sohasi sifatida: risola / tuzuvchilar R.R.Shakurov, M.M.Vohidov. – Toshkent: O‘zbekiston Respublikasi Adliya vazirligi qoshidagi Yuristlar malakasini oshirish markazi, 2022. – 22 b.
[4] https://uz.m.wikipedia.org/wiki/Kiberjinoyat

экономикалық бирге ислесиў ҳәм раўажланыў шөлкеми) экспертлери жыйналып, компьютер жынаятшылығына криминологиялық сипатлама берди[5]. Дүньяда ҳәр күни 2 мыңнан аслам кибержынаят дизимге алынады. Киберҳүжимлер тийкарынан экономикасы ҳәм технологиясы рауажланған мәмлекетлерде әмелге асырылады. Жынаятшылар көбинесе қаржыдан тысқары баҳалы мағлыумат, инновациялық технология, сырлы мағлыўматларды алыуға умтылады. Санлы дүньяда бул ең әҳмийетли мәселелерден бирине айланған. Өткен жылы дүньяда ең көп кибержынаят жүз берген мәмлекетлер дизиминде АҚШ жетекшилик етпекте. Интернет жынаятлары бойынша шағымлар орайына келип түскен мағлыўматларға бола, мәмлекетте ең көп тарқалған кибержынаят түри - фишинг, соның ишинде, спообинг. Бундай ҳәрекетлерден дерлик 193 000 адам зыян көрген. Фишинг ҳүжимлериниң түрлери көп. Ең көп ушырасатуғынлары - массалық фишинг, смишинг ҳәм исбилерменлик электрон почтасын бузыў. Европа мәмлекетлеринде де соңғы жыллары киберҳүжимлер көбейди. Әсиресе, Германия, Уллы Британия ҳәм Францияның денсаулықты сақлау ҳәм энергетика системалары көбирек нышанаға алынған.

Фишинг - бул кибержынаят болып, онда мақсетли электрон почта, телефон ямаса текстли хабар арқалы нызамлы мәкеме сыпатында көринген шахс тәрепинен физикалық шахсларды жеке идентификациялаў мүмкин болған мағлыўматлар, банк ҳәм кредит карта мағлыўматлары ҳәм парольлер сыяқлы жеке мәлимлемелерди усыныўға тартыў ушын байланысады[6]. Фишинг бойынша биринши ҳүжим 2004-жылы "Америка Онлине" веб-сайтын тәкирарлаған Калифорниялы жас өспиримге қарсы қозғатылған. Бул жалған веб-сайт жәрдеминде ол пайдаланыўшылардан сырлы мағлыўматларды алыў ҳәм олардың есап бетлеринен пул алыў ушын кредит карта мағлыўматларына кириуге ерискен. Електрон почта ҳәм веб-сайттағы фишингтен тысқары, "вишинг" (даўыслы фишинг), "смишинг" (СМС фишинг) ҳәм кибержынаятшылар турақлы түрде ойлап табатуғын басқа бирнеше фишинг усыллары да бар[7].

Спообинг - бул биреўди алдаў мақсетинде жалған мағлыўматлардан пайдаланыў техникасы. Бул арқалы хакерлер ямаса зыянкеслер өзлерин басқа бир шахс, қурылма ямаса хызмет сыпатында көрсетип, нызамсыз мақсетлерди әмелге асырады.

"Спообинг" төмендеги усыллар арқалы әмелге асырылады:

"ИП" мәнзил арқалы;

"ЎиФи" технологиясы ямаса трафик алмасыў процесинде;

"ГПС" арқалы;

"ДНС" арқалы;

Телефон етиў[8].

[5] https://egemen.kz/article/33685-kiberqylmys-dgane-kiberpol
[6] https://www.imperva.com/learn/application-security/phishing-attack-scam/
[7] https://www.phishing.org/what-is-phishing
[8] Ict xabar.uz  https://share.google/hx0067R8t6HDLeKLY

Өзбекстанда мәлимлеме-коммуникация технологияларының рауажланыуы менен киберқәуиплер саны артып бармақта. Мәселен, 2023-жылдың 11 айында 5500 кибержынаят дизимге алынған болып, олардың 70%и банк картасы менен байланыслы алдаушылық ҳәм урлық жынаятлары болып есапланады. Бул кибержынаятлардың тийкарғы бөлеги қаржы секторына қаратылғанын көрсетеди. Сондай-ақ, Телеграм сыяқлы мессенджерлерде зыянлы (apk) қосымшалар арқалы банк картасы мағлыўматларын урлау жағдайлары көбейип бармақта[9]. Өзбекстанда киберқәўипсизлик тараўындағы қатнасықларды тәртипке салыў мақсетинде 2022-жыл 15-апрельде "Киберқәўипсизлик ҳаққында"ғы нызам қабыл етилди ҳәм ол 2022-жыл 17-июльде күшке кирди[10]. Бул нызамының тийкарғы мақсети мәмлекет, жәмийет ҳәм пуқаралардың мәлимлеме қәўипсизлигин тәмийинлеў, киберқәуип-қәтерлерден қорғаў ҳәм санлы орталықта исенимли жәнe қәуипсиз жумыс алып барыу ушын зәрүр шараятларды жаратыудан ибарат.

Жумақлау

Интернет тармағы пуқараларға үлкен имканиятлар усынса да, жеке мағлыўматлардың қәуипсизлиги ҳәм киберқәуипсизлик пенен байланыслы қәуип-қәтерлер де артып бармақта. Өзбекстан нызамшылығы ҳәм халықаралық тәжирийбелер тийкарында пуқаралардың ҳуқықларын қорғау ҳәм киберқәўипсизликти тәмийинлеу бойынша әҳмийетли илажлар көрилмекте. Бирақ, хәр бир пуқара өз қәуипсизлиги ушын жуўапкершиликти мойнына алыўы, киберқәуипсизлик қағыйдаларына әмел етиўи ҳәм жеке мағлўматларды абайлылық пенен басқарўы зәрур.

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТТАР:**

1. http://lex.uz//docs/6445145 Ўзбекистон Республикаси Конституцияси
2. Ўзбекистон Республикасининг «Ахборотлаштириш тўғрисида»қонуни https://www.lex.uz/acts/83472
3. Kiber huquq – huquq sohasi sifatida: risola / tuzuvchilar R.R.Shakurov, M.M.Vohidov. – Toshkent: O‘zbekiston Respublikasi Adliya vazirligi qoshidagi Yuristlar malakasini oshirish markazi, 2022. – 22 b.
4. https://uz.m.wikipedia.org/wiki/ Kiberjinoyat
5. https://egemen.kz/article/33685-kiberqylmys-dgane-kiberpol
6. https://www.imperva.com/learn/application-security/phishing-attack-scam/
7. https://www.phishing.org/what-is-phishing
8. Ict xabar.uz https://share.google/hx0067R8t6HDLeKLY
9. Ўзбекистон янгиликлари – Gazeta https://share.google/lIpBAcMRQeDV5XtD5
10. ЎРҚ-764-сон 15.04.2022. Киберхавфсизлик тўғрисида

[9] Ўзбекистон янгиликлари – Gazeta https://share.google/lIpBAcMRQeDV5XtD5
[10] ЎРҚ-764-сон 15.04.2022. Киберхавфсизлик тўғрисида